Pou depoze yon plent kont yon preparetè deklarasyon taks:

Si preparatè deklarasyon taks ou a pa respekte kondisyon sa yo, ou ka pote yon plent nan Biwo Responsablite Pwofesyonèl la (Office of Professional Responsibility), lè w annik:

- ale sou sitwèb nou an, nan ***www.tax.ny.gov*** (chache: complaint (plent))
- rele 518-457-5181

Epitou, ou ka siyale fwod fiskal ak fwod etan sou entènèt oswa lè w annik rele 518-457-0578. Enfòmasyon sa a ap rete sekrè. Depatman Taks la (Tax Department) pran kalite aktivite ilegal sa a oserye, san pèdi tan li revize chak plent, epi pran mezi korektif lè sa apwopriye.

Biwo Responsablite Pwofesyonèl

Nou pran angajman pou n fè preparatè deklarasyon taks yo respekte pi gwo estanda ki konsène kalite sèvis yo. Nou travay kole kole ak sosyete pwofesyonèl yo, gwoup defans konsomatè yo, ak lapolis pou asire tout prepare taks yo fè travay yo a nan yon fason ki pwofesyonèl epi ki legal.

New York se youn nan sèt (7) eta sèlman ki kontwole endistri preparatè taks la.

Inisyativ:

- mande pou tout preparatè deklarasyon taks ki dwe fè sa, pou yo enskri nan Depatman Taks Eta New York la (New York State Tax Department)
- ede konsomatè yo konprann dwa yo, lè yo anboche yon preparatè deklarasyon taks
- idantifye epi disipline preparatè deklarasyon taks ki pa reponn ak estanda règleman yo

NEW YORK STATE | Department of Taxation and Finance

www.tax.ny.gov

Pub 135 (11/21)

NEW YORK STATE | Department of Taxation and Finance

Deklarasyon

Dwa Konsomatè yo

Konsènan Preparatè Deklarasyon Taks yo

Konnen ki dwa ou genyen anvan ou anboche yon preparatè taks

Pifò preparatè deklarasyon taks yo aji dapre lalwa epi yo trete kliyan yo san patipri, men gen kèk ki pa fè sa.

Bwochi sa a gen enfòmasyon enpòtan sou fason pou pwoteje tèt ou lè w anboche yon preparatè deklarasyon taks.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele **518-457-5181**.

Eskane kòd QR sa a pou jwenn plis enfòmasyon, ni pou dwa anplis ou genyen antanke yon kontribyab Eta New York. Epitou, enfòmasyon yo disponib nan lang Panyòl, Chinwa, Ris, Bengali, Yiddish, Kreyòl ayisyen, Koreyen, Italyen, Arab, ak Polonè. (chache: *language* (lang)).

Preparatè deklarasyon taks yo dwe:

- afiche Sètifika Enskripsyon pou Preparatè Taks Eta New York yo a ak lis pri yo;
- di w davans si y ap reprezante w, lè yo fin verifye deklarasyon taks ou a pita;
- poze w kesyon sou revni w, depans ou, fanmi w, ak nenpòt lòt enfòmasyon oswa dokiman ki nesesè pou ranpli deklarasyon w la avèk presizyon;
- pèmèt ou revize deklarasyon ou ranpli a (ki gen ladan enfòmasyon sou kont labank ou) epi poze kesyon anvan ou siyen li;
- ba w yon deklarasyon alekri sou nenpòt ki gen yon enterè pou ou epi sou frè yo pral chaje w, si w chwazi yon prè antisipasyon ranbousman (ranbousman davans) oswa yon chèk antisipasyon ranbousman (transfè ranbousman) olye pou yo depoze ranbousman ou a dirèkteman sou kont labank ou;
- siyen deklarasyon taks ou epi antre nimewo idantifikasyon taks preparatè a (Preparer Tax Identification Number, PTIN) ak nimewo idantifikasyon pou preparatè taks New York la (New York Tax Preparer Identification Number, NYTPRIN), si sa aplikab;
- depoze deklarasyon taks ou a pa mwayen elektwonik;
- ba ou yon adrès pandan tout ane a ak yon nimewo telefòn ou ka itilize si ou gen kesyon oswa enkyetid konsènan deklarasyon ou a; epi
- ba ou yon fotokopi deklarasyon ou depoze a.

Pub 135 (11/21) (nan do a)

Yon preparatè deklarasyon taks pa ta dwe janm mande w siyen:

- yon deklarasyon vid;
- yon deklarasyon ki pa konplè;
- yon deklarasyon ki gen fo enfòmasyon ladan l, oswa
- yon deklarasyon ki gen yon seri enfòmasyon ou pa konprann.

Yon preparatè deklarasyon taks pa ta dwe janm chaje w yon frè separe pou li ka depoze fòm deklarasyon New York ou a pa mwayen elektwonik, epi li pa ta dwe janm garanti w ke:

- w ap resevwa yon ranbousman taks; oswa
- IRS oswa Depatman Taks Eta New York an p ap verifye deklarasyon taks ou a.